**दिन–शनि** **दिनांक–10.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यमे जनौलनि जे भागलपुरक कहलगांव मे गंगा पर प्रस्तावित विक्रमशिला कटारिया रेलपुल परियोजना के केन्द्रीय कैबिनेट स्वीकृति दऽ देलक अछि। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे एहि परियोजना के वर्ष दू हजार तीस एकतीस धरि पूरा कऽ लेल जायत। परियोजना सँ बिहार–झारखंडक मध्य आवागमन सुगम भऽ जायत। एकर निर्माण पर लगभग दू हजार पाँच सय करोड़ टाकाक लागत आओत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि नव दिल्ली मे अधिक उपजवला जलवायु अनुकूल आ बायोफोर्टिफाइड फसिल के एक सय नओ किस्म जारी करताह। प्रधानमंत्री कार्यक्रमक दरमियान किसान आ वैज्ञानिक सभ सँ गपशप सेहो करताह। एहि किस्म सभ मे चौंतीस खेती आ सत्ताईस बागवानी फसिल सम्मिलित अछि। खेतक फसिल सभ मे बाजरा, चारा, तेलहन, दालि, कुसियार, कपास, फाइबर आ आन फसिल सहित विभिन्न अनाजक बीज जारी कयल जायत। बागवानी फसिल सभ मे विभिन्न प्रकारक फल, तरकारी, मसाला, फूल आ औषधीय पौधा सम्मिलित अछि।

---

राज्य सरकार प्रदेशक सभ जिला मे बीस सूत्री समितिक गठन कऽ देलक अछि। राज्य मंत्रिमंडल सचिवालय दिस सँ जारी अधिसूचनाक अनुसार जिला सभक प्रभारी मंत्री एहि समिति सभक अध्यक्ष बनाओल गेलाह अछि। ओतहि, एनडीए सरकार मे सम्मिलित भाजपा आ जदयू सहित सहयोगी दल हम आ लोजपा रामविलासक जिलाध्यक्ष सभ के समितिक उपाध्यक्ष बनाओल गेल अछि। जिलास्तरीय कार्यक्रम कार्यान्वयनक लेल प्रत्येक जिला समिति मे एक अध्यक्ष दू उपाध्यक्ष सहित पच्चीस सदस्य मनोनीत कयल गेलाह अछि। संबंधित जिलाक

लोकसभा आ राज्यसभा के सांसद, विधायक, विधान पार्षद, जिला परिषदक अध्यक्ष आ नगर निगमक महापौर समितिक पदेन सदस्य होयताह।

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण राज्य मंत्री प्रतापराव जाधव लिम्फैटिक फाइलेरिया उन्मूलनक लेल आइ नव दिल्ली मे दवाई पिएबाक द्विवार्षिक राष्ट्रव्यापी अभियानक दोसर चरणक वर्चुअल शुभारम्भ कयलनि। एम्हर, बिहार सहित छओ राज्य मे आइ फाइलेरिया अर्थात हाथीपांव मुक्त अभियान आरम्भ भऽ गेल अछि। केन्द्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालयक दिस सँ चलाओल जायवला ई अभियान दू हफ्ता धरि प्रदेशक तेरह जिला मे आरम्भ कयल जायत। अभियानक अंतर्गत स्वास्थ्य कर्मी घर–घर जाकऽ लोक सभ के फाइलेरिया सँ बचावक दवाई निःशुल्क उपलब्ध करौताह।

---

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकत भाग मे रूकि–रूकि कऽ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान औरंगाबादक बारूण मे सभ सँ बेसी नब्बे दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि किशनगंजक ठाकुरगंज मे नवासी दशमलव चारि आ नवादाक रजौली मे चौहत्तरि दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। एकर अतिरिक्त कतेको आन ठाम सत्तरि सँ पचास मिलीमीटर धरि वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान कैमूर, रोहतास, किशनगंज, अररिया, पूर्णियां, बांका, खगड़िया, बेगूसराय, समस्तीपुर आ मुजफ्फरपुर जिलाक एक या दू स्थान पर भारी वर्षाक आशंका अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–पूर्व भागक एक दू ठाम मेघगर्जन आ वज्रपातक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भारी वर्षाक कारणे राज्यक विभिन्न नदीक जलस्तर मे वृद्धि देखल जा रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे, बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे, कमला बलान मधुबनीक झंझारपुर मे आ परमान नदी अररिया मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। बागमती नदीक

जलस्तर सीतामढ़ीक ढेंगब्रिज, रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा मे आ कटिहारक कुर्सेला मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। एम्हर, गंगा नदी पटनाक दीघा घाट आ हथिदह मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, भागलपुरक कहलगांव मे सेहो गंगा नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि।

———————————————————————

सीतामढ़ी जिलाक रीगा थाना क्षेत्रक उसरिया गाम मे पोखरि मे स्नान करबाक दरमियान डूबबा सँ दू बच्चाक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक बछवाड़ा थाना क्षेत्रक वार्ड संख्या बारह मे अपराधी सभ एकहि परिवारक तीन सदस्य सभक निर्मम हत्या कऽ देलक। पुलिस मामिलाक छानबीन कऽ रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त